

Kisa ki se yon konsantman lib epi eklere?

Anvan yon pasyan patisipe nan yon esè klinik, li dwe bay yon konsantman san kontrent epi gras ak eklere enfòmasyon ki disponib yo. Pou sa fèt, pasyan an ap siyen yon dokiman konsantman lib epi eklere ki di li konprann objektif esè klinik la, kisa k ap pase pandan esè klinik la, benefis ak risk ki genyen nan esè klinik la, ki moun pou l kontakte si l gen kesyon, epi konnen dwa li genyen kòm pasyan.

Kiyès ki peye depans esè klinik la?

Chak esè klinik diferan. Men, depans pou pasyan an sipoze piti, nan ka sa asirans sante pasyan an ap souvan kouvri nenpòt depans kouran pou li patisipe nan esè klinik lan. Depans pou yon esè klinik ka kouvri gras ak esponsò etid la - li kapab gouvènman an, yon konpayi farmakoloji oswa yon konpayi teknoloji medikal.

Kijan mwen ka jwenn yon esè klinik?

Rutgers Cancer Institute of New Jersey ak RWJBarnabas Health gen yon lis esè klinik byen long ki disponib pou tout kalite kansè. Esè klinik yo disponib nan Rutgers Cancer Institute of New Jersey ak etablisman RWJBarnabas Health la nan tout eta a. Pou jwenn yon esè klinik ale sou cinj.org/clinical_trials oswa rele nan **844-CANCERNJ (844-226-2376)**.

Locations:

- Clara Maass Medical Center
- Community Medical Center
- Cooperman Barnabas Medical Center
- Jersey City Medical Center
- Monmouth Medical Center
- Monmouth Medical Center Southern Campus
- Newark Beth Israel Medical Center
- Robert Wood Johnson University Hospital
- Robert Wood Johnson University Hospital Hamilton
- Robert Wood Johnson University Hospital Rahway
- Robert Wood Johnson University Hospital Somerset
- Rutgers Cancer Institute of New Jersey
- Trinitas Regional Medical Center

Esè Klinik Yo



Fè tretman jodi pou gerizon demen

RWJBarnabas
HEALTH

RUTGERS
Cancer Institute
of New Jersey
RUTGERS HEALTH

Ann konbat kansè ansanm.

Rutgers Cancer Institute of New Jersey se sèl Sant NCI deziyen antanke Sant Konplè k ap konbat kansè nan eta New Jersey. RWJBarnabas Health ansanm ak Rutgers Cancer Institute ofri opsyon tretman kansè ki pi avanse toupre lakay ou.



RWJBarnabas
HEALTH

RUTGERS
Cancer Institute
of New Jersey
RUTGERS HEALTH

Ann konbat kansè ansanm.



Apèsi

Kòm se sèl sant Enstiti Nasyonal Kansè a (National Cancer Institute, NCI) deziyen antanke sant konplè k ap konbat kansè nan New Jersey, Rutgers Cancer Institute of New Jersey ak RWJBarnabas Health bay pasyan yo aksè pou jwenn opsyon tretman ki fenk vini tankou esè klinik, medsin presizyon, ak iminoterapi. Anplis de esè klinik yo ki disponib nan Rutgers Cancer Institute, anpil lòt esè klinik disponib tou atravè eta a nan nenpòt nan lopital RWJBarnabas Health yo. Doktè nou yo se lidè nasyonal nan domèn rechèch klinik epi yo se pi gwo kontribitè ak lidè nan esè klinik nan Enstiti Nasyonal Kansè ak gwoup koperativ entènasyonal ki bay ekspètiz yo pou ede devlope opsyon tretman avanse pou pasyan yo.

Doktè nou yo patisipe tou nan Big Ten Cancer Research Consortium ak Oncology Research Information Exchange Network (ORIEN), ansanm ak lòt inivèsite rechèch ak sant kansè ki trè konsidere atravè peyi a.

Kisa yon esè klinik ye?

Esè klinik yo se etid rechèch ki evalye nouvo opsyon tretman pou maladi tankou kansè epi ede doktè yo konnen ki tretman ki pi efikas epi ki ka amelyore rezilta ak/oswa kalite lavi yon pasyan. Anpil nan esè klinik yo se swa nouvo medikaman, itilizasyon medikaman aktyèl yo yon lòt fason, oswa konbinezon medikaman yo pou evalye efikasite yo. Esè klinik sou kansè yo pa itilize plasebo. Tout tretman ki efikas jodia pou kansè yo te baze sou rezilta esè klinik ki pase yo. Gras ak pwogrè ki fèt nan esè klinik yo, moun yo trete ki gen kansè yo ap viv pi lontan jodia.

Kisa yon esè klinik faz 1 ye?

Esè klinik yo fèt nan yon seri etap yo rele faz. Chak faz nan yon etid gen yon objektif diferan epi li ede reponn diferan kesyon. Faz 1 esè klinik yo evalye sekirite nouvo medikaman kansè yo, konbinezon medikaman yo, ak aparèy ki ede nan lit kont kansè yo. Faz 1 esè klinik yo ofri opsyon tretman anplis pou pasyan tretman estanda yo pa gen efè sou yo ankò oswa pou pasyan ki gen kansè ki nan yon faz grav oswa ki difisil pou trete yo. Kòm nou se yon Sant NCI deziyen ki konplè epi ki ap Konbat Kansè, pasyan nou yo gen aksè pou bensefisyè faz 1 esè klinik yo.

Poukisa li enpòtan pou w resevwa swen nan yon Sant NCI deziyen ki konplè epi ki ap konbat kansè?

Lè yo dyagnostike yon kansè, li enpòtan pou pasyan yo chèche jwenn pi wo nivo swen kansè ki disponib, souvan nan yon Sant ke Enstiti Nasyonal Kont Kansè deziyen kòm yon sant konplè k ap Konbat Kansè, tankou Rutgers Cancer Institute ansanm ak RWJBarnabas Health. Yo rekonèt sant sa yo pou pwofondè ak lajè rechèch yo fè sou kansè epi swen ki nesesè yo bay pasyan yo pou trete fòm kansè ki senp, konplèks ak ra. Sant NCI deziyen kòm Sant Konplè kont Kansè yo gen ekspè nan maladi k ap travay nan ekip miltidisyèl pou bay pasyan yo swen ki pi avanse epi ki konplè.

Kijan nou pwoteje pasyan nou yo nan yon esè klinik?

Sekirite ak pwoteksyon pasyan yo enpòtan anpil. Anvan yo apwouve chak esè klinik, li pase nan yon pwosesis revizyon apwofondi, ki swiv tout konsèy federal yo pou pwoteje dwa ak byennèt patisipan yo. Yon komite revizyon enstitisyonèl endepandan (institutional review board, IRB) sou rechèch sou sijè ki konsène moun sipèvize sekirite tout esè klinik yo. Chak esè klinik gen ladan yon envestigatè prensipal ki responsab etid la epi ki responsab plan etid detaye a oswa pwotokòl ki eksplike sa ki pral fèt epi poukisa y ap fèt. Pwotokòl la esplike konbyen pasyan k ap patisipe nan esè klinik la, ki tès medikal pasyan an ap gen pou fè epi konbyen fwa l ap gen pou l fè yo, epi plan tretman ak swivi medikal. Li enpòtan pou konnen patisipasyon yon pasyan nan yon esè klinik volontè epi pasyan an ka kite esè a nenpòt ki lè.

